

CHAPTIT 14

Kèk èdtan apre akouchman an

Nan chapit sa a:

Kisa ki dwe fèt pou manmanan.....	247
Check the mother's physical signs.	247
Clean the mother's genitals, belly, and legs.	247
Prevent heavy bleeding.	248
Check the mother's genitals for tears and other problems.	248
Help the mother urinate.	249
Help the mother eat and drink	250
Watch the mother's feelings about her baby	251
Watch the mother for infection	251
Help with breastfeeding.	252
Give the family some time alone.	252
Kisa ki dwe fèt pou tibebe a.....	252
General appearance.	253
Physical signs: breathing, heartbeat, temperature.	254
The baby's body	256
Weight	256
Length	259
Head.	259
Ears.	260
Eyes	260
Nose and mouth	261
Neck.	262
Chest	262
Shoulders, arms, and hands	262
Belly	263
Genitals and anus	263
Hips and legs.	264
Feet.	265
Back	265
Skin	265
Color	266
Baby has birth defects.	266
Immunizations given at birth	267
Fè netwayaj epi reponn kesyon fanmi an ap poze w.....	267

Kèk èdtan apre akouchman an



Aprè manmanvant lan fin tonbe, kò manman an dwe kòmanse retounen nan nòmman li. Tibebe a dwe respire nòmman epi li dwe kòmanse kenbe kò l cho.

Fanmsaj la dwe rete pou kèk èdtan apre akouchman an pou asire manman an ak tibebe a an sante, pou li ankouraje manm fanmi an manje ak repoze.

Kisa ki dwe fèt pou manman an


Tcheke wè ki kalite siy kò manman an ap bay

Tcheke tanperati kò manman an, chèche poul li, epi kontwole tansyon li detanzantan – si li ta gen pwoblèm lasante, tcheke siy sa yo yon fwa chak inèdtan pou pi piti.

Netwaye vajen, vant, ak janm manman an

Ede manman an pwòpte kò li apre akouchman an. Chanje dra ki sal yo epi lave kò manman an pou retire kras san.

Lave men ou epi mete gan anvan ou manyen vajen manman an, menm jan ou te fè anvan akouchman an (gade paj 53 rive 55). Lave vajen manman an byen dousman; sèvi ak yon ti sèvyèt ki esterilize epi dlo ki byen pwòp. Si ou gen dezenfektan, tankou betadin, mete yon ti kras nan dlo a. Pa sèvi ak alkòl oswa nenpòt lòt dezenfektan ki ka pike kò manman an. Ou ka sèvi ak yon ti kras savon, osinon ou ka menm sèvi ak sèl si ou pa gen dezenfektan.




Lave vajen manman an soti anwo desann (soti andedan pou ale deyò). Pran prekosyon pou ou pa pote okenn salte ki soti nan deyò manman an pou al antre nan vajen l. Menm yon ti moso zouti ou pa menm ka wè ka lakòz enfeksyon.

Evite gwo pètsan

Apre akouchman an, li nòmral pou yon fanm pèdi menm kantite san li konn bay lè li gen règ li chak mwa. San sa a dwe sanble ak lè li gen règ li – san ki gen koulè nwa oswa woz epi ki sanble li te la lontan (ansyen san). Lè matris la fin retounen nan nòmral li, osinon lè manman an touse, lè li fè mouvman, oswa lè li kanpe, san an jayi sot deyò tou piti.

Gwo pèt san se danje. Kèlke èdtan apre akouchman an, swiv enstriksyon sa yo ki site la a pou ou chèche wè si manman an ap pèdi anpil san:



Manyen pou wè si matris ap vin di.

- Manyen matris la pou wè si li tounen nan nòmral li. Verifye sa touswit apre manmanvant lan fin tonbe. Answit, tcheke matris la chak 5 oswa 10 minit; fè sa pandan inèdtan. Nan youn (1) oswa de (2) èdtan apre, verifye matris la chak 15 oswa 30 minit. Si matris la di, sa vle di li retounen nan nòmral li. Pa annwiye matris la si lè pou ou tcheke a poko rive. Si li mou, li paj 236 pou wè kisa ki dwe fèt.
- Tcheke kotèks manman an souvan pou si li ta mouye ak twòp san – 500 ml (anviwon 2 tas) twòp.
- Chèche poul manman an epi kontwole tansyon li chak inèdtan. Chèche wè si pa gen lòt move siy (malèz) (gade paj 239).

Chèche wè si vajen manman an chire oswa si li gen lòt pwoblèm

Mete gan nan yon men, epi sèvi ak men sa a pou ou tcheke si vajen manman an chire, si pa gen san ki kaye, oswa si li pa gen konkonm (san ki chita yon kote ki gen yon blese pa anndan). Tou gade pou wè si kòl matris la tombe desann nan pasaj vajen an.

Si manman an chire (blese)

Si ou pa konn kouman pou ou koud kote ki chire a, si pa gen sant sante nan zòn nan pou li ta al koud, oswa si kote ki chire a tou piti, li posib pou li geri san li pa koud.

Mande manman an pou li rete nan kabann li pandan 2 semèn, epi kite janm li yo kole ansanm prèske toutan. Li dwe fè mouvman ak janm li tanzantan, men li pa dwe ni moute ni desann mòn oswa macheskalye. Yon lòt moun dwe fè netwayaj ak manje pou fanmi an. Pou manman an ka geri vit, li dwe manje anpil nouriti solid ki bon pou lasante.

Pou aprann kouman pou ou koud blesi, gade paj 356.

To learn how to sew a tear, see page 356.




Si manman an gen konkonm oswa doulè nan vajen l

Gendelè matris la vin sere byen di, epi li pa sanble li ap bay twòp san, men manman an santi li fèb epi li gen tèt vire (toudi). Si sa rive, ka gen san ki chita yon kote pa anndan vajen l, yo rele sa konkonm. Souvan nan kote sa a, po a anfle, li gen yon koulè nwa, li mou, epi li sansib.

Se vre konkonm se bagay ki fè mal anpil, men li pa twò grav sèl si li vin gwo anpil. Si konkonm nan ap gwosi, peze yon twal gaz esterilize sou li pandan 30 minit oswa jiskaske li sispann gwosi. Si manman an montre lòt move siy, ba li tretman pou sa (gade paj 239), answit chèche jwenn asistans medikal kote yo ka pete konkonm nan pou mete san an deyò. Si ou konn kouman pou ou fè sa, sèvi ak yon jilèt esterilize pou louvri li epi retire san an. Apre ou fin seche san an, peze yon twal gaz esterilize sou li jiskaske san an rete.



Si kòl matris la parèt nan pasaj vajan an



Si ou ka wè kòl matris la nan pasaj vajan an apre akouchman an, sa vle di matris la tombe nan vajan an. Pwoblèm sa a pa grav paske leplisouvan, kòl matris la ap retounen anndan manman an nan kèk jou. Mete gan nan men ou pou ou ka pouse matris la antre pi lwen. Ede manman an leve ranch li, konsa ranch la ka vin pi wopase tèt li. Mande li pou li fè mouvman peze sou li (gade paj 44) pou pi piti 4 fwa pa jou.

Pandan 2 semèn, tcheke byen pou wè si manman an pa bay siy enfeksyon (gade paj 271,272).

Si kòl matris la rete nan pasaj vajan an pandan yon mwa oswa plis, manman an dwe chèche jwenn konsèy medikal. Si kòl matris la rete tonbe, li ka bay pwoblèm lè manman an ap fè yon lòt pitit.

Ede manman an fè pipi

Lè blad pipi a plen, li ka lakòz pèt san ak plizyè lòt pwoblèm. Apre akouchman an, li pwobab blad pipi manman an plen, men li ka pa santi bezwen pou li pipi. Fè li pipi nan premye 2 a 3 èdtan apre akouchman an. Si li twò fatige pou li leve mache, li ka akoupi sou yon vaz oswa sou kabann nan, oswa atè a. Osinon, li ka pipi sou yon sèvyèt oswa sou yon twal ki près kote li kouche a. Si li pa ka pipi, vide enpe dlo tyèd ki byen pwòp sou vajan li pandan li ap eseye; sa ka byen ede.



A mother should try to urinate soon after the birth.

Si manman an pa ka pipi apre 4 èdtan:

1. Tcheke blad pipi li (gade paj 161). Si blad pipi a pa plen, ba li bwè anpil likid.
2. Gade paj 352 sou fason pou fè yon fanm pipi.
3. Si li toujou pa ka pipi, li ka nesesè pou li gen yon tib katetè anndan vajan li (gade paj 352). Si ou pat pran fòmasyon sou fason pou ou sèvi ak yon tib katetè, chèche jwenn asistans medikal.


Help the mother eat and drink

Pi fò manman prè pou yo manje touswit apre yo fin akouche. Anplis, li bon pou yo manje bon jan kalite manje yo renmen. Si manman an pa grangou apre li fin fè pitit la, li dwe bwè yon bagay kanmenm.

Ji fwi bon paske li bay enèji. Anpil fanm ta pi renmen bwè yon bagay cho, tankou yon te fèy. Kèk ji ki gen vitamin C, pa egzanp ji zoranj, ka ede manman an geri.

(Sepandan, li dwe evite bwè bagay tankou kola ak koka paske bagay sa yo gen anpil sik ak pwodi chimik, yo pa gen vitamin).

Ankouraje li pou li manje touswit, epi pou li bwè likid detanzantan.



Si manman an pa ka manje, oswa li pa ka bwè apre 2 a 3 èdtan

- Petèt manman an malad. Tcheke si li pa gen pèt san (gade paj 236), si li pa gen enfeksyon (gade paj 271), oswa lòt siy maladi ki fè l pèdi apeti.
- Petèt li deprime (li tris, li pa kontan, oswa anyen pa enterese l). Ankouraje li pou l palede emosyon l ak bezwen li yo.
- Petèt manman an kwè gen kalite manje ki pa bon pou manje apre akouchman. Men li dwe manje pou li ka reprann li, epi pou li ka an mezi bay tibebe a swen.

Manje apre akouchman

Chak fanmsaj, medsen fèy, manm fanmi, ak chak doktè ka gen pwòp konsèy pa yo sou kalite manje fanm yo dwe manje pandan yo ansent ak lè yo fin akouche. Enfòmasyon yo bay sou nitrisyon nan


liv sa a baze sou opinyon prèske tout doktè, enfimiyè, ak fanmsaj kap travay nan peyi Oksidantal yo. Gen kèk lòt metòd medikal ak metòd natirèl ki bay fason pa yo sou kouman pou fanm yo manje, pa egzanp, evite manje ki gen twòp epis (piman), epi pa manje bagay ti frèt. Kèk nan opinyon sa yo petèt pa gen twòp valè pou moun nan peyi Oksidantal kap travay nan domèn lasante; men yo bay benefis kanmenm.



Sepandan, gen kèk abitud lakay ki danjere, pa egzanp lè ou evite manje manje ki gen pwoteyin. Manje yon sèl kalite manje pa ase, epi evite pran kèk lòt kalite manje ka lakòz gwo pwoblèm lasante. Apre akouchman, fanm yo bezwen manje menm jan oswa pi plis pase lè yo te ansent. Yo bezwen menm kalite melanj manje sa a: manje solid, legim ak fwi, manje ki gen pwoteyin tankou pwa, ze, nwa, vyann, ak lòt. Pale ak manman an epi ak manm fanmi li sou ki kalite manje yo planifye pou yo manje apre akouchman an. Konseye manman an pou li manje anpil kalite manje ki bon pou lasante. Gade paj 33 rive 42 pou plis enfòmasyon sou nitrisyon.

Gade wè kòman manman an ap reaji ak tibebe a *Manman an pa enterese ak pitit la*

Kèk manman pa santi yo twò kontan pou akeyi pitit yo fin fè a. Petèt gen plizyè rezon pou sa. Manman an ka fatige anpil, li ka malad, oswa li ka gen pèt san. Petèt li pat vle fè pitit, oswa li ka gen enkyetid paske li pap ka okipe yon timoun. Konsa tou li ka deprime (moral li ba).



Kisa ki dwe fèt

- Tcheke si manman an montre siy enfeksyon oswa pèt san.
- Li ta bon pou ou pale ak manman an sou atitud li (emosyon), osinon ou ka santi li pi bon pou ou kite li pou kont li, epi ret tann pou wè.
- Si manman an deprime (moral li ba), oswa si ou konnen li te deprime anpil apre yon akouchman li te fè anvan, mande fanmi an pou yo ba li plis atansyon e plis sipò nan semèn k ap vini yo. Leplisouvan, toutotan jou ap pase, kalite dekourajman sa yo prale, men gendelè yo ka dire kèk semèn oswa kèk mwa.
- Asire ou gen yon moun nan fanmi an ki ap bay ti bebe a swen.

Chèche wè si manman an pa gen enfeksyon



Aprè yon manman fèk fin akouche, tanperati kò li toujou yon ti kras pi wo pase nòmal, sitou si gen chalè.

Sepandan, manman an petèt trape yon enfeksyon si li santi li malad, li gen lafyèv, poul li ap bat vit, oswa li santi doulè nan matris li lè yo manyen l. Sa ki sitou lakòz enfeksyon se si manman an te kase lezo depi byen bonè nan kòmansman tranche a, si tranche a te twò long, oswa si li te twò fatige pandan tranche a.

Kisa ki dwe fèt

1. Chèche wè si li dehydrate (wè paj 159).
 2. Ba li anpil dlo ak lòt likid pou li bwè.
- Si li toujou gen lafyèv, petèt li trape yon enfeksyon. Wè paj 271.

Fè manman an bay pitit la tete

Lè manman an bay tete, li bon ni pou li ni pou pitit la. Si manman an pa kwè li vle bay pitit tete, mande li pou li eseye ba li pandan kèk semèn oswa kèk mwa. Menm si li bay pitit la tete pandan yon ti kras tan, li pi bon pase si li pa bay ditou.



Asire ou manman an konprann si li bay pitit la tete:

- Matris li ap tounen nan gwosè nòmal li pi vit.
- Pitit la pap gen dyare oswa li pap malad fasil.
- Manman an ap gen plis kòb pou fanmi an. (Li koute pi chè pou bay pitit la manje nan bibwon.)

Wè paj 293 pou ou ka ede yon manman ki gen sida bay pitit li tete san danje.

Wè chapit 16, kòmanse nan paj 280, pou jwenn plis enfòmasyon sou bay timoun tete.

Bay fanmi an chans pou yo pase yon tan pou kont yo



Si manman an ak tout pitit la an bòn sante, kite yo pase yon ti tan pou kont yo. Paran ki fèk gen pitit bezwen pase tan ansanm. Petèt yo bezwen pale, ri, krye, oswa fete yon fason kèlkonk pou kont yo.

Kisa ki dwe fèt pou ti bebe a

Apre akouchman, lè manman an ak ti bebe a byen reprann yo, tcheke tout kò tibebe a depi nan tèt rive nan zòtèy. Ou ka evite anpil pwoblèm lasante si ou wè pwoblèm sa yo bonè.

Lave men w, tankou jan ou te fè lè akouchman an, answit mete gan pwòp. Yon tibebe ki fèk fèt ka trape enfeksyon byen fasil. Poutèt sa, tout bagay ou sèvi pou touche ti bebe a dwe byen pwòp. Men, ou pa oblije benyen tibebe a touswit. Li ap frèt lè ou benyen li menm si se ak dlo cho. Ou ka tann kèk tan oswa menm kèk jou san danje. Sèvi ak gan pou ou manyen tibebe a jiskaske kò li byen pwòp, seche li byen; menm ou menm sa ap pwoteje ou kont enfeksyon.

Pandan ou ap egzaminen tibebe a, ede li rete tou cho. Kouvri ni tèt li ni kote ou ap egzaminen an. Si sa posib, ou dwe chofe chanm nan. Trete tibebe a ak anpil dousè. Tibebe gen menm sansasyon ak granmoun, alò lè ou pran swen yo byen sa fè yo santi yo fò e an sekirite.

Bagay ki pi enpòtan pou ou verifye nan yon tibebe ki fèk fèt se aparans jeneral ak lòt siy nan kò l. verifye bagay sa yo touswit apre akouchman an. Ou ka kite lòt pati nan kò tibebe a pou egzamine kèlke èdtan apre.

Si ou kapab, ekri enfòmasyon ou jwenn yo nan yon dosye. Yon dosye ap ede ou sonje chak etap, epi li ap ede remake tout chanjman ki ta vin genyen. Pa egzanp, ou ka sèvi ak yon dosye tankou sa a:

Non manman an	Non ti bebe a					
physical signs	<i>dezyèm èdtan</i>	<i>twazyèm èdtan</i>	<i>senkyèm èdtan</i>	<i>sizyèm èdtan</i>	hour 5	hour 6
<i>Aparans jeneral</i>						
<i>Respirasyon</i>						
<i>Batman kè</i>						
<i>Tanperati</i>						
<i>Gwosè ak longè</i>	<i>Zèpòl, ponyèt ak men</i>					
<i>Tèt (zo tèt)</i>	<i>Vant</i>					
<i>Zòrèy</i>	<i>Pati jenital</i>					
<i>Je</i>	<i>Ranch</i>					
<i>Nen ak bouch</i>	<i>Janm ak pye</i>					
<i>Kou</i>	<i>Do</i>					
<i>Lestomak</i>	<i>Po</i>					

Aparans jeneral

Pou ou konnen si tibebe a an sante, gade wè kouman li ye epi ki son li ap fè. Prete atansyon ak tout bagay! Èske tibebe a gwo oswa li piti? Èske li gra oswa li mèg? Èske ponyèt li, janm li, pye l, men l, kò l, ak tèt li gen gwosè nòmal? Èske tibebe a kenbe kò li rès oswa èske li lache kò l? Èske li ap fè mouvman oswa li ret dousmanl? Koute lè tibebe ap kriye. Tout tibebe pa fin kriye menm jan; sepandan, si li bay yon rèl ki dwòl, ki byen fò, oswa ki pike sa ka vle di li malad.

Ti bebe a kagou, li fèb, li pa reveye

Anpil ti bebe dòmi anpil nan kèk premye jou apre yo fin fèt. Yo dwe leve detanzantan pou yo tete. Lè ti bebe a pap dòmi, li dwe reyaji lè li tande bri oswa si yon moun touche l. Si ti bebe a pa reyaji, oswa li sanble li fèb, kal, kagou nan kèlke zè apre li fin fèt, li ka gen youn nan pwoblèm sa yo ki site la a:

- Difikilte pou li respire (wè paj 254)
- Enfeksyon (wè paj 277)
- Pa ka dòmi akòz remèd famasi oswa remèd fèy yo te bay manman an pandan tranche a
- Pa gen ase sik nan san li (gade paj 254)



Pa gen ase sik nan san l

Si yon tibebe fèb anpil, li ka bezwen plis sik nan san li. Sitou si tibebe a gwo anpil oswa li piti anpil, si akouchman an te twò long oswa twò difisil, osinon si manman an fè dyabèt (wè paj 115). Sa ka lakòz tibebe a frèt epi li ap tranble.

Bay tibebe a tete toutotan ou kapab – gen sik nan lèt manman an.

Si apre ou fin fè sa, tibebe a toujou ò reveye, li kagou, **chèche jwenn asistans medikal.**

Siy nan kò: respirasyon, batman kè, tanperati

Tcheke siy kò tibebe a chak 2 a 6 èdtan apre li fin fèt; si li gen pwoblèm, tcheke yo pi souvan.

Vitès respirasyon

Gade vant tibebe a k ap moute desann pou ou ka konte konbyen fwa li respire pandan yon minit. Li nòmal pou li ta respire swa vit oswa dousman detanzantan. Yon ti bebe ki fèk fèt dwe respire ant 30 ak 60 fwa pandan pa minit lè li ap repoze.

Yon tibebe ki respire twò vit, twò dousman, oswa ak difikilte ka gen pwoblèm pou li jwenn ase lè (oksijèn), osinon li ka gen lòt kalite pwoblèm.

Tibebe a gen pwoblèm respirasyon, oswa li pran plis pase 60 souf nan yon minit

Si yon tibebe gen pwoblèm respirasyon, oswa si li respire pi plis pase 60 fwa pandan yon minit, se yon move siy. Petèt sa vle di tibebe a trape yon enfeksyon, li te rale pou pou antre nan nen l, li gen medikaman nan san l ki soti nan manman an, oswa yon lòt pwoblèm kèlkonk.

Kisa ki pou fèt

- Kenbe tibebe a cho.
- Chèche wè si li gen siy enfeksyon (wè paj 277).
- Mete tibebe a kouche ak tèt li pi ba pase dèyè l; pozisyon sa a ka pèmèt likid yo soti. Sèvi ak yon aspiratè (wè paj 209) – sitou si ou panse tibebe a te gen pou pou ki respire antre nan nen li oswa nan gòj li
- Fè tibebe a tete.
- Si tibebe sispann respire – fè respirasyon atifisyèl pou li (wè paj 242).
- Chèche jwenn asistans medikal.



Batman kè

Lè yon ti bebe fèk fèt, kè l dwe bat ant 120 ak 160 fwa nan yon minit. Li ka bat pi ba takou 100



fwa, oswa li ka bat pi wo tankou 180 fwa nan yon minit.

Si kè ti bebe a bat twò vit, li ka deja trape yon enfeksyon (wè paj 256).

Si kè l bat twò dousman, fè respirasyon atifisyèl pou li (wè paj 242). Si kè a pa tounen bat nòmal, chèche jwenn aistans medikal.

Tanperati

Kenbe tibebe a cho

Pou tibebe ka an sante, yo dwe rete cho. Men li pa fasil pou yo kenbe kò yo cho menm jan ak granmoun. Fason ki pi fasil pou kenbe yon tibebe cho se mete li sou kò manman l. Kò manman an gen egzakteman nivo tanperati ki bon pou tibebe a. Kouvri tou de ak lèn epi asire ou kouvri tèt tibebe a.




Si manman an pa ka kenbe ti bebe a pou yon ti tan (pa egzanp si li gen pou li ale pipi), yon lòt moun ka kenbe tibebe a. Moun sa a dwe byen lave men li anvan li pran ti bebe a.

Tanperati ak lasante

Tanperati kò yon tibebe ki an sante dwe anviwon 37° C (98.6° F).

Pou verifye tanperati kò tibebe a, mete pwent tèmomèt la (pati ki gen koulè lajan an) anba zèsèl li byen dousman. Answit, kenbe ponyèt tibebe a kole ak kò li pandan 3 minit. Si ou pa gen yon tèmomèt, mete men ou dèyè kou ti bebe a, an menm tan touche yon moun ki an sante. Si kò tibebe a pa cho menm jan ak moun sa a, sa vle di tanperati kò li twò ba.




Yon tibebe dwe chofe byen vit si tanperati kò li desann rive nan 36.5° C (97.7° F) oswa pi ba. Pa pèdi tan. Li ap vin cho si li kole ak kò manman l,

nan mitan detete yo li (wè paj 257).

Si li pa vin cho, sèvi ak boutèy dlo cho.

Plen boutèy yo (oswa bokal) ak dlo cho, answit, vlope yo nan twal pou ou ka pa boule tibebe a, epi mete boutèy yo bò kò tibebe a.

If the baby does not get warmer after 1 or 2 hours, she may need medical attention.



Enfeksyon

Leplisouvan lè yon tibebe fè enfeksyon, tanperati kò li desann rive nan 36.5° C (97.7° F) oswa pi ba. Men kèk lòt siy ki montre se enfeksyon:

- Yon tibebe ki pa ka ret cho menm lè li vlope ak lèn
- Tanperati kò li wo (lafyèy), sitou si li rete konsa pandan plis pase 4 èdtan
- Yon tibebe ki respire plis pase 60 fwa pandan yon minit
- Yon tibebe ki sanble li malad
- Yon tibebe ki pa ka tete byen
- Yon tibebe ki fèb, epi kè li ap bat vit

Si tibebe a montre youn nan siy enfeksyon sa yo, chèche jwenn asistans medikal. Si distans sant sante ki pi pre a plis pase 2 èdtan, pandan ou sou wout la bay tibebe a antibyotik. Wè paj 279 pou jwenn enfòmasyon sou ki kalite ak kantite medikaman ou dwe ba li.

Si tibebe a pa ka cho apre plizyè èdtan, chèche jwenn asistans medikal – menm si li pa montre okenn lòt siy enfeksyon.

Baby does not urinate or pass stool within the first 24 hours

The baby should urinate and pass stool within the first day of birth. If the baby does not do so, her urethra or intestines may be blocked. Get medical help right away.

Kò tibebe a

Pèz/Pwa

Tout tibebe pa menm, men pi fò tibebe ki an sante peze ant 2.5 ak 4 kilogram (ant 5.5 ak 9 liv).

Ou ka gen posibilite swa pou ou jwenn yon balans nan menm responsab sante nan zòn nan, oswa achte yon balans ki ka kwoke, oswa fè youn tankou sa k nan paj 445 la. Sepandan, pou ou konnen pwa yon tibebe ki nòmal ou pa bezwen yon balans. Chak fwa ou kenbe yon tibebe, panse ak konbyen li peze. Devine si tibebe sa a peze plis pase pi fò lòt ti bebe, oswa pi piti, oswa menm bagay. Konsa, ou ap konnen lè yon tibebe piti anpil ak lè li gwo anpil – menm si ou pa gen balans.



Tibebe ki piti anpil

Tibebe tou piti ki peze mwens pase 2.5 kilogram (5.5 liv) gen plis chans pou yo pran enfeksyon, pou yo gen pwoblèm respirasyon, pwoblèm lajonis (wè paj 279). Toutotan tibebe a piti, li pi an danje. Tibebe ki piti ka gen pwoblèm pou yo tete, epi pou yo fè dijasyon. Gen tibebe ki piti paske yo te fèt anvan lè, men gen lòt ki senpman fèt tou piti.



Si gen yon sant sante tou pre a ki gen tout sòt kalite materyèl nesesè, li ta pi bon pou ou mennen tibebe ki piti anpil al pran swen an. Sepandan, si ou ap bay yon tibebe piti swen lakay, gen bagay ou ka fè pou ede li rete an sante.



Kisa ki dwe fèt

1. Kenbe tibebe a cho. Pi bon fason pou chofe li se kole kò li ak kò manman l. Mete yon sèl rad sou li alafwa ak yon bone nan tèt li; foute li anndan rad manman an nan mitan de tete li pou kò tibebe a kole ak kò manman an. Manman an dwe kite kò tibebe a kole ak kò pa li lajounen tankou lannwit. Manman an ap oblije chanje tibebe a pozisyon lè li ap ba li tete. Si manman an bezwen benyen, mete ti bebe a kole ak kò yon lòt moun pou jiskaske manman an fini.
2. Bay ti bebe a tete. Lèt tete pi bon pou tout tibebe, men li pi enpòtan toujou pou tibebe ki piti anpil. Lèt tete a pi fasil pou ti bebe a dijere, li se pi bon manje pou yo, epi li pwoteje yo kont anpil maladi. Yon tibebe ki piti gen dwa pa ka manje anpil. Sepandan, lè li rete kole ak kò manman an, sa ap pèmèt li tete pi souvan. Konsa, li ap kapab manje ase.
Si tibebe a pa ka pran tete, manman an dwe prije lèt la ak men li (gade paj 285). Manman an ap oblije sèvi ak goblè epi kiyè ki byen pwòp pou li ba pitit la lèt tete a jiskaske li gen ase fòs pou li rekòmanse pran tete a pou kont li. Toutotan ti bebe a ka tete, ba li tete. Li dwe manje pou li grandi.
3. Nan premye semèn yo, ale vizite tibebe a chak jou pou ou ka verifye si pa gen move siy. Asire w manman an ka rekonèt siy lajonis (gade paj 279), pwoblèm respirasyon (gade paj 241), ak enfeksyon (gade paj 277). Si tibebe a ta montre yon move siy, chèche jwenn asistans medikal.



Kisa ki lakòz tibebe yo piti

Tout tibebe pa fèt ak menm gwosè – sa se nòmal. Men li posib pou tibebe ki tou piti ka gen plis pwoblèm pase ti bebe ki pi gwo.

Epi gwosè yon ti bebe pa vini pa chans. Lepli souvan, manman ki manje ase epi ki jwenn bon swen pandan yo ansent, yo fè pitit ki pi gwo. Manman ki pat jwenn ase manje ak bon swen pandan yo ansent, yo fè pitit pi piti.

Souvan ti bebe yo fèt piti akòz rezon sa yo ki site la a:

- Manman ki pat jwenn ase manje pandan li ansent.
- Manman ki travay di anpil pandan li ansent
- Manman ki pat jwenn bon jan swen medikal pandan li ansent
- Manman ki fimen sigarèt.
- Manman ki te an kontak ak pestisid oswa pwodi chimik toksik pandan li ansent.
- Manman ki deja fè anpil pitit.



Nòt: Lè yon tibebe fèt tou piti, sa pa vle di akouchman an ap pi fasil. Anplis, tibebe piti gen plis pwoblèm lasante. Pou akouchman an ka pase pi byen, epi pou tibebe a ka an bòn sante, fanm yo dwe manje ase.

Tibebe a peze plis pase 4 kilogram (9 liv)

Gen tibebe ki fèt gwo paske manman yo te fè dyabèt. Tibebe sa yo ka gen pwoblèm ak kantite sik ki nan san yo. Asire tibebe sa yo pran tete manman yo souvan epi kenbe kò yo cho.


Siveye tibebe ki fèt tou gwo yo byen nan de (2) premye jou yo. Si yo sanble yo fatige, yo fèb, oswa yo malad, yo ka pa gen ase sik nan san yo. Li paj 254 epi chèche asistans medikal.



Peze tibebe a nan yon balans (pèz)

Si ou gen yon balans (pèz), ou ka wè egzakteman konbyen yon tibebe peze. (Li paj 445 pou ou wè kouman ou ka fè yon balans pou kont w).

Si ou gen yon balans ki ka kwoke, swiv etap sa yo:



1. Mare yon moso twal nan balans la.
2. Ajiste balans la pou zegwi a ka rete sou zewo. Si balans la pa gen yon bouton pou ajiste l, ekri konbyen twal la peze (nimewo kote zegwi a rive lè ou mare twal la).
3. Mete tibebe a toutouni nan twal la pou ou ka peze l.
4. Si ou te ajiste zegwi a sou zewo, kounye a li moutre ou konbyen tibebe a peze. Si pa gen bouton pou ou ajiste balans la, ou dwe fè yon kalkil pou ou retire pwa twal la epi ou ap jwenn pwa tibebe a.



Adjust the scale to **0** or weigh the cloth.



If there is no knob to adjust the scale, you must subtract the weight of the cloth to find out the weight of the baby.

Pa egzanp:	
Tibebe a ak tout twal la peze	3.25 kilogram
Twal la pou kont li	- 0.25 kilogram
Alò tibebe a peze	<u>3.00 kilogram</u>

If you have a scale that you stand on, follow these steps:



1. Moute sou balans la; pran pwa pa ou epi ekri konbyen ou peze.
2. Desann soti sou balans la.
3. Remoute sou balans la avèk tibebe a toutouni kenbe nan men w. Ekri konbyen ou menm ak tibebe a peze ansanm.
4. Fè yon kalkil pou ou retire pwa pa ou la nan pwa total ou te jwenn pou ou ansanm ak tibebe a.

Pa egzanp:	
Ou menm ansanm ak tibebe a peze	62 kilogram
Ou peze pou kont ou	59 kilogram
Alò tibebe a peze pou kont li	<u>3 kilogram</u>

Longè

Si ou gen yon santimèt, pran mezi tibebe a - soti nan mitan tèt li pou rive anba talon pye l. Pi fò tibebe mezire ant 45 e 53 santimèt (18 a 21 pous). Tibebe ki pi kout oswa pi long pase sa ka byen gen yon pwoblèm.


Tèt

Si ou gen yon santimèt, mezire tèt tibebe a, jis anwo zòrèy li yo. Gwosè nòmal tèt yon tibebe se 35 santimèt (13 rive 14 pous). Ekri gwosè tèt la nan dosye. Si tèt la byen gwo oswa li tou piti, sa ka vle di tibebe a malad oswa li gen yon pwoblèm.



Fòm tèt, liy kouti, fontenn tèt

Zo tèt timoun ak granmoun se bagay ki byen solid, men zo tèt yon tibebe gen 5 pati separe. Espas ki separe chak pati sa yo rele **kouti** oswa **liy kouti**. Men tou, zo tèt tibebe a gen kote ki mou yo rele **fontenn tèt** oswa **pwen sansib**.



Espas ki nan mitan zo tèt yo pèmèt tèt la deplase lè akouchman. Sa pèmèt tèt tibebe a vin ratresi pou li ka pase nan vajen manman an.

Gendelè, zo tèt yo dwe moute youn sou lòt pou tèt tibebe a ka soti. Yo rele sa **panno**. Lè tibebe a fenk fèt, tèt li ka soti pwenti oswa tou plat. Souvan, tèt la ap kòmanse pran fòm nòmal li nan youn(1) a twa (3) jou.

Panno se yon bagay ki nòmal.


Touche liy kouti yo byen dousman ak dwèt w. Liy kouti sou devan an dwe rive

tou pre oswa anwo fontenn nan. Gade si liy kouti yo gen yon gwosè nòmal oswa si yo twò laj. Epi touche pwen sansib yo. Èske yo mou, oswa èske yo gonfle byen rèd? Pa peze pwen sansib yo - ou ka domaje tibebe a.



Si liy kouti yo parèt twò laj, si liy kouti sou devan an desann rive nan mitan fontenn an, oswa si pwen sansib yo byen rèd oswa yo gonfle, tibebe a ka gen **idwosefali** (dlo nan sèvo).

Idwosefali ka lakòz domaj ki bay tibebe a pwoblèm nan sèvo, nan panse, oswa lòt gwo pwoblèm. Chèche konsèy nan men doktè. Yon operasyon ka ede tibebe a fè mye.



Normal suture lines and soft spots.

Not normal. Could be hydrocephalus.

Kaput ak konkonm

Gen tibebe ti fèt ak yon anflamasyon nan tèt - kote ki te peze sou kòl matris la pandan tranche ak akouchman an. Yo rele anflamasyon sa a kaput. Odinèman, yon kaput kwaze sou yon liy kouti. LI ap disparèt nan youn (1) oswa de (2) jou.



Normal:
caput crosses
suture line

Not normal:
hematoma


Si ou wè tèt tibebe a gen yon anflamasyon ki pa kwaze ak yon liy kouti, se kapab yon konkonm. Sa vle di akouchman an te difisil pou tibebe a. Konkonm ka bay tibebe a lajonis lè li kòmanse geri (gade paj 279). Si ou jwenn yon konkonm, tcheke tibebe a chak jou pou ou wè si li bay siy lajonis jiskaske konkonm nan fin disparèt. Si sa posib, chèche asistans medikal.

Zòrèy

Pou ou ka egzaminen zòrèy tibebe a, gade li tou dwat nan figi. Imajinen yon (1) liy dwat ki pase sou de je l. Chak zòrèy ta dwe gen yon pati ki rete sou anwo liy sa a.

Si zòrèy tibebe a pi ba liy nan oswa si gen yon zòrèy ki tombe pi wo pase lòt la, konnen tibebe a ka gen kèk pwoblèm andedan. Si zòrèy tibebe a ba, siveye li ak anpil prekosyon. Si de zòrèy yo tonbe anba liy nan, tibebe a ka gen pwoblèm nan ren; li dwe wè yon doktè touswit.

Pou ou ka wè si tibebe a tandè byen, bat men ou tou dousman bò zòrèy li. Pi fò tibebe ap fè mouvman lè yo tandè yon bri. Si tibebe a sanble li pa ka tandè, fè li wè yon doktè touswit.



Ears above the
eyes are normal.

Ears below the eyes
can be sign that
something is wrong.


Je

Gade de (2) je tibebe a. Wè si yo nòmal, epi si yo ap fè mouvman ansanm. Se pa yon pwoblèm si ou ta wè yon ti mak san anba kote ki gen koulè blanch nan je a. San sa a ta dwe disparèt nan kèlke jou.



A little blood in the white
part of the eye is normal.

Mete remèd nan je tibebe a pou li ka pa avèg



Si yon manman gen enfeksyon klamidya (mikwòb ki ka bay maladi sèks ak lòt maladi) oswa ekoulman (gade paj 323), li ka pase l bay tibebe a pandan akouchman an. Enfeksyon an antre nan je tibebe a, epi sa ka rann li avèg. Gen anpil anpil fanm ki gen klamidya ak ekoulman san yo pa menm konnen. Amwenske manman an te fè egzamen ki di manman pa gen enfeksyon sa yo, ou dwe mete remèd nan je tibebe pou l ka pa avèg.



Pou li pa avèg

- mete youn liy eritwomisin (remèd je) .5% rive 1% nan chak je tibebe a, nan de premye èdtan apre akouchman an.

Oswa

- mote youn liy tetrasiklin (remèd je) 1% nan chak je tibebe a, nan de premye èdtan apre akouchman.

Oswa

- mete 2.5% gout yòd pwodidòn nan chak je tibebe a, nan de premye èdtan apre akouchman an.

Gen kèk kote yo sèvi ak nitrat dajan (oswa lòt kalite remèd je) pou mete nan je tibebe a. Medikaman sa yo geri maladi gonore ki ka fè tibebe a avèg, men si se klamidya li genyen, remèd sa a pap ka anpeche li vin avèg. Answit nitrate dajan ap irite je tibebe a pou plizyè jou. Si ou ka jwenn eritwomisin oswa tetrasiklin ki bon pou je, sèvi avèk youn ladan yo. Men si se nitrate dajan sèlman ou genyen, ou mèt sèvi avè l.

Nen ak bouch

Premyeman, gade si tibebe a ap respire nan nen li san pwoblèm. Sinon, ponpe flèm soti nan nen li ak nan bouch li a (gade paj 209).



Pase men ou sou figi l. La ta dwe vire figi li sou bò kote men ou ye a. Yo rele sa refleks woutin (ROOTING). Mete yon dwèt ki byen pwòp andedan bouch tibebe a. Tibebe a ta dwe souse dwèt w. Si pa gen refleks WOUTIN, epi si tibebe a pa souse dwèt w, petèt li fèb oswa li malad.

Tibebe ki gen po bouch fann - plafon bouch fann

Po bouch fann oswa lèv fann se yon fant oswa yon dekoupe ki po bouch anwo tibebe a, leplisouvan fant la konekte ak nen l. Plafon bouch fann oswa palè bouch fann se yon separasyon sou anwo (nan palè) bouch tibebe a. Sa yo se pwoblèm ki ka rezoud avèk yon operasyon lè tibebe a vin gran. Leplisouvan po bouch (lèv) fann ka repare lè tibebe a gen ant 4 e 6 mwa. Leplisouvan plafon (palè) bouch fann ka repare lè tibebe a gen ennan edmi(1½).



cleft lip

cleft palate

Tibebe ki gen po bouch fann oswa plafon bouch fann ka bezwen asistans pou yo pran tete. Pou tibebe ki gen po bouch fann, tèt tete a dwe antre byen fon nan bouch tibebe a pou tete a ka bouche fant la. Si malgres a gen yon espas vid ki rete, manman an ka bouche ak men l.



Pou tibebe ki gen plafon bouch fann, tete a dwe antre nan bouch tibebe a jiskaske li pa kapab antre ankò. Mete pwent tete a sou bò ki fann nan. Lè tibebe a ap bwè, li dwe mete tèt li anwo pou lèt ka pa antre nan nen l. Si tibebe a pa kapab pran tete, manman an mèt tire lèt la ak men li (gade paj 285) epi bay tibebe a lèt la ak yon kiyè ki byen pwòp.

Tibebe ki gen po bouch fann oswa plafon bouch fann ka gen plis enfeksyon nan zòrèy ak lòt kalite pwoblèm sante pandan yo ap grandi. Ou dwe asire manman an konnen sa. Epitou, tibebe ki gen po bouch fann ka sanble yon jan dwòl, alò gen paran ki santi yo fache lè yo fenk wè pitit la. Li enpòtan pou ou koute kijan paran sa yo santi yo, epi ou dwe fè yo sonje pitit yo a se yon bèl timoun.

Kou

Tcheke kou li pou ou wè si li pa anfle ak si li pa gen boul. Epi, tèt pitit la dwe ka f: mouvman san pwoblèm. Si ou ta wè li gen yon pwoblèm, chèche jwenn asistans medikal.

Son kè

Breathing


Si ou gen yon estetoskòp oswa yon fetoskòp, sèvi ak li pou ou ka koute son kè tibebe a.

Li difisil pou yon moun eksplike nan yon liv kouman kè yon moun sonnen. Si sa posib, li ta bon pou yon moun aprann ou ki kalite son yon kè ki nòmal dwe bay. Sepandan, we dwe koute son kè tibebe a menm si ou pa gen antrennman. Dejou anjou, ou ap konprann ki son kè ki nòmal, epi ou ap remake ki son ki pa nòmal. Si son an pa nòmal, chèche asistans medikal.

Heart sounds

If you have a stethoscope or fetoscope, use it to listen to the baby's heart sounds too.

It is hard to describe heart sounds in a book. If possible, someone should teach you what normal heart sounds are like. But listen to the baby's heart sounds even if you are not skilled. Over time you will learn what sounds normal, and will be able to notice unusual sounds. If the heart sounds unusual, get medical advice.




Zepòl, ponyèt, ak men

Gade men ak ponyèt tibebe a. _ske yo sanble yo nòmal? _ske tibebe a fè mouvman avèk yo san pwoblèm?

Gendelè zepòl, zo salyè, oswa ponyèt tibebe a kase pandan akouchman an. Touche yo pou wè si yo pa gen kèk boul dwòl oswa kèk kote ki kase. Yon tibebe ki gen zo kase ka gen doulè kap fè li kriye konsa tou li ka pa kriye. Nòmalman domaj ki pa grav ap geri pou kont yo, men si sa posib, chèche asistans medikal.

Belly

Gade vant li. Wè si vant lan nòmàl. Kisaki rive toutotou kòd lonbrit la lè tibebe a kriye? Si bagay ki andedan vant tibebe a pouse po kò li deyò sa vle di mis ki nan vant li yo pa konekte. Yo rele sa èni nan lonbrit. Chèche konsèy medikal.



Après, manyen vant li. Lè ti bebe a pap kriye, vant lan ta dwe mou. Tcheke pou wè si gen boul, kis (sak won ak dlo), oswa lòt fòm dwòl anba po l. Si ou jwenn kèk bagay ki pa nòmàl, chèche konsèy medikal.

Nòt: Kòd lonbrit ki fenk fin koupe tou frèch la ka vin enfekte. Pou w anpeche enfeksyon, kenbe li pwòp e sèch. Toujou lave men ou anvan ou manyen lonbrit la epi pa kouvri epi pa mete anyen sou li. Tcheke pou wè si lonbrit la sispann senyen. Si li kontinye senyen, klanpse li oswa mare li ankò.


Pati genital ak twou dèyè

Gade pati prive tibebe a. Pati prive tout tibebe sanble yo anfle lè yo fenk fèt. Si tibebe a te fèt nan pozisyon chita, pati prive li ap pi anfle toujou. Ou dwe asire ou twou dèyè li nòmàl san li pa kouvri avèk po. Si tibebe a gentan fè tata, ou deja konnen pati sa a ap fonksyone byen. Si tibebe a pa gen twou dèyè, oswa si li bouche, chèche asistans medikal san pèdi tan.


Pou ti gason

Dabò gade ti sak grenn li – ki anba ti pijon l. Yo rele kote sa a skwotòm. Andedan sak la gen de (2) boul dous ki byen fèm. De (2) boul sa yo rele testikil, epi se la ti gason kenbe espèm (jèm gason). Pandan gwosès la, testikil yo rete ap fòm andedan vant ti gason an; nòmàlman après testikil yo desann nan sak la (skwotòm) anvan akouchman an. Ou dwe ka santi testikil yo lè ou touche sak la epi ou dwe ka deplase yo ak dwèt w.

Feel the testicles.



If you could see through the scrotum, the testicles would look like this.




Si ou pa ka jwenn youn nan de testikil yo, mande paran ti bebe a pou yo tcheke ankò nan yon (1) mwa konsa. Si testikil yo poko desann toujou, chèche konsèy medikal.

Après, gade pou wè si twou ki nan tèt ti pijon an nan plas nòmàl li. Si ti pijon li sanble li pa nòmàl, chèche konsèy medikal.

Sikonsizyon gason

Sikonsizyon se yon operasyon pou retire po (prepis) ki toutotou tèt pijon an. Gendelè, yo f: sikonsizyon ti gason kou yo fèt, oswa kè mwa apre yo fèt. Gendelè yo tann lè yo vin jèn gason anvan yo sikonsi. Gen gason ki pa sikonsi ditou.

Sikonsizyon se yon bagay ki enpòtan nan anpil kilti ak relijyon, men se pa yon bagay ki enpòtan pou rezon medikal. Sikonsizyon gen ris pou bay enfeksyon, senyen, pwoblèm nan pijon, epi doulè ak pwoblèm emosyonèl pou tibebe a. Se sèlman moun ki gen bon antrennman epi ki gen zouti esterilize ki ka sikonsi yon tibebe. Gason ki sikonsi ka pa santi bon plezi seksyèl nan pijon yo menm jan ak gason ki pa sikonsi.




Paran tibebe ki pa sikonsi dwe netwaye pijon tibebe a menm jan yo netwaye rèz kò tibebe a. Toutotan yo pa ka pouse po a byen fasil, yo pa dwe kale tèt pijon an pou lave anba l; nòmalmman se apre kèk ane.


Gen ti gason ki fèt avèk testikil (ti grenn) yo byen wo nan kò yo - yo pa andedan sak la. Sa ka pa yon pwoblèm. Men se yon bagay ou jwenn plis nan ti gason ki gen manman yo ki te an kontak ak pwodwi chimik toksik ki nan lè yap respire, nan dlo, oswa tè ki lakòz pwoblèm nan tout kominote a. Alò tout kominote a dwe travay ansanm pou pwoteje tèt yo anba pwodwi chimik sa yo.

Pou yon ti fi

Gade byen pou wè si pati prive ti fi yo gen tou de (2) kalite "lèy" yo: youn sou deyò ak lòt la andedan. Epi li dwe genyen yon ti twou ki antre nan vajen l. Si li pa gen yon ti twou, li ka bezwen fe yon operasyon. Li dwe ale ka doktè touswit. Eksplike paran yo li nòmalm pou ti fi gen yon ti kantite san ki ap soti nan bouboun yo pandan youn (1) oswa de (2) jou apre akouchman an.



Ranch ak janm



Premyeman, gade ranch ti bebe a. Konpare de janm yo. Si youn nan ranch yo dejwente, men ki siy li ka bay:

- . anwo janm nan kouvri yon pati nan kò l
- . po li pa gen anpil pli
- . janm nan ka sanble li pi kout, oswa li ka rive pran fòm yon ang.

Kenbe de janm li yo ak de men ou - kenbe yo anba jenou - epi pliye yo.



Après, pandan ou kenbe yo tou pliye a, louvri yo laj (janm gòch ale sou bò gòch; janm dwat ale sou bò dwat).



Si ou santi oswa si ou tande yon bri ti fè klik, konnen ranch la dejwente.

Si gen yon klik ki fèt lè ou fè mouvman ak ranch tibebe a, chèche jwenn konsèy medikal nan men moun la sante yo.

Kouman yo fè gerizon yon ranch ki dejwente

Paran yo dwe kenbe jenou tibebe a byen wo e tou louvri. Yo ka:

sèvi ak plizyè kouchèt



kouche tibebe a sou vant avèk janm li tou louvri.



oswa pote tibebe a sou do (mare l nan yon twal tankou fanm nan peyi Lafrik yo fè).



Epitou, eseye manyen kote janm li kontre ak pati prive li la pou wè si poul li ap bat. Fè yon moun ki konnen moutre ou kouman pou ou chèche poul li. Si yon moun ki konnen (ki gen bon antrènman pa kapab jwenn poul la, petèt tibebe a ka pa gen bon jan sikilasyon san nan janm li. Chèche mande konsèy medikal pou ou ka konnen sa pou ou fè

Pye


Gade pye tibebe a. Si youn nan pye yo vire sou andedan epi li pa ka tounen dwat, konnen li ka gen pye kounan (kanbre). Anpil fwa, sa ka ranje avèk yon anplak si yo ede tibebe a nan kèk jou apre akouchman an. Liv ki rele **Vilaj Timoun Andikape a (Disabled Village Children)**, nan lang anglè) gen anpil enfòmasyon sou kouman pou ou trete pye ki kounan.

club foot



Do

Vire tibebe a sou do epi gade kolòn vètebral li. Chèche wè si li gen two, maleng, kis, timè, oswa touf cheve. Pase men ou desann sou kolòn vètebral tibebe a pou ou ka santi douk zo yo ki nan kolòn vètebral la. Èske ou santi genyen yon espas ki plat nan kolòn vètebral la? Èske gen twou nan po l, anba nan kolòn nan - kote dèyè tibebe a kòmanse a?



Si ou ta wè li gen two, maleng, timè oswa touf cheve, chèche konsèy medikal nan men moun lasante yo.

Po

Gade po tibebe a byen. Gen tibebe ki gen mak sou po yo. Pa egzanp, tibebe a ka gen gwo tras nwa anba do li oswa sou dèyè. Gen lòt tibebe ki gen tras wouj nan figi yo. Mak sa yo pa danje. Lòt mak, tankou ti gratèl wouj, kapab se siy enfeksyon. Si ou pa sèten, al chèche pran konsèy medikal nan men moun lasante yo.

Koulè

Tibebe a ta dwe pran koulè nòmral li kèlke èdtan apre akouchman an.

Si tibebe a rete tou ble

- Si men ak pye tibebe a rete tou ble, Sepandan tibebe a cho, petèt se pa yon pwoblèm. Gen tibebe ki rete ak men epi ak pye yo tou ble pou youn (1) oswa de (2) jou apre akouchman an.



- Si po bouch oswa figi tibebe a rete tou ble inèdtan apre akouchman an, tibebe a ka gen yon pwoblèm nan kè oswa nan poumon. Li ka bezwen oksijèn tou. Ale lopital avèk li touswit.



Si tibebe a gen koulè jòn

Si tibebe a sanble li gen koulè jòn mwens pase yon jou ak yon nwit apre li fin fèt, li ka gen lajonis oswa enfeksyon. Li paj 279, epi chèche jwenn konsèy medikal.

Si tibebe a gen koulè pal

Yon tibebe ki gen koulè pal epi ki pa aktif ka fè anemi oswa li ka gen lòt pwoblèm. Chèche jwenn konsèy medikal kounye a menm.

Si tibebe a wouj anpil

Yon tibebe ki wouj anpil pa vle di li gen pwoblèm pou sa. Kontinye swiv li pou yon semèn pou wè si li bay siy lajonis. Chèche jwenn konsèy medikal lepli vit posib si ou ta wè tibebe a vin gen koulè jòn, si li kòmanse respire vit, oswa si li gen pwoblèm pou li pran tete.

Tibebe ki fèt ak defòmasyon

Lè ou gade yon tibebe soti nan tèt rive nan pye, ou ka wè siy ki montre li gen kèk maladi oswa kèk andikap. Osinon ou ka wè tibebe a yon jan diferan konpare ak lòt tibebe. Diferans oswa domaj sa yo rele sa defòmasyon (defòmasyon akouchman). Gendelè defòmasyon yo piti, epi yo pa danje, tankou po bouch fann. Men gen lòt lè yo grav epi yo danjere, tankou yon gwo twou nan kolòn vètebral (spina bifida). Si ou ta wè nenpòt bagay ki pa nòmral, chèche mande konsèy medikal.

Si tibebe a domaje, paran li yo ka aksepte sa san pwoblèm, konsa tou yo ka pa aksepte sa. Gen paran ki konprann se move zè oswa move chans ki fè tibebe fèt tou domaje. Gen lòt paran ki chagren paske pitit yo a pa jan yo te espere li la, oswa li pa menm jan ak lòt timoun. Yo santi yo pap gen ase kouray pou yo bay timoun domaje a tout asistans li bezwen. Souvan, paran timoun ki domaje bezwen plis sipò.

Ede paran yo:

1. jwenn bon jan swen lasante pou timoun nan.
2. aprann konnen ki bezwen espesyal timoun nan bezwen.
3. aprann konnen ki bagay timoun ka fè byen. Pa egzanp, yon timoun ki pa ka mache paske janm li yo mal fòme, ka gen anpil fòs nan ponyèt ak nan men li ki pèmèt li fè bon jan travay. Menm timoun sa a ka byen entelijan tou, epi li ka sèvi ak lespri li pou l fè gwo bagay.



Gen anpil bon liv ki ekri pou paran ak lòt moun kap pran swen timoun andikape. Men kèk liv Hesperian Foundation (konpayi ki ekri Liv Pou Fanmsaj) genyen: **Disabled Village Children** (Vilaj Timoun Andikape), **Helping Children Who Are Blind** (Ede Timoun Ki Avèg), ak **Helping Children Who Are Deaf** (Ede Timoun Ki Soud).

Kisaki lakòz defòmasyon nan tibebe?


Gen tibebe ki devlope yon fason diferan andedan vant manman yo, men pèsonn pa konnen pou ki sa. Sepandan, gen anpil defòmasyon ki ka evite. Gen tibebe ki fèt ak defòmasyon paske:

- manman an pat jwenn ase bon kalite nouriti pou li te manje pandan gwosès la.
- pandan gwosès la, manman an te gen kontak avèk èpès (enfeksyon ki fè kò moun fè glòb), saranpyon (varisèl), oswa lawoujòl alman.
- pandan gwosès la, manman an te travay ak pwodwi chimik toksik (tankou pestisid).
- pandan gwosès la, manman te pran medikaman ki te danje.

Defòmasyon nan tibebe se pa pwoblèm fanmi ta dwe chèche rezoud pou kont yo. Se bagay ki afekte tout kominote a. Pou anpeche defòmasyon nan tibebe, tout moun dwe travay pou fè chanjman nan monn kote nou ap viv la pou ka vin gen plis sekirite pou fanm ak lafanmi..

Bay vaksen BCG

Nan zòn ki gen anpil ka tibèkiloz (TB), tout tibebe ki fenk fèt resevwa yon vaksen ki rele BCG. Gen lòt kote yo bay tibebe a vaksen sa a sèlman si manman li fè tibèkiloz. Se pa toutan vaksen BCG bay bon rezilta; se sak fè menm si yon moun te vaksinen, li dwe fè atansyon pou li pa ekspoze ak maladi a. Si ou pa bay tibebe a vaksen an ou menm, fè manman an sonje anvan yon mwa li dwe ale vaksinen tibebe a nan sant sante ki pi pre a. .



Pou evite tibèkiloz

- bay 0.05 CC vaksen BCG.....nan po, yon(1) sèl fwa pandan de (2) premye mwa apre akouchman an.

Pa ba li vaksen BCG si tibebe a gen VIH/SIDA.

Fè netwayaj epi reponn kesyon fanmi an ap poze w

Netwaye kote akouchman an te fèt la. Ou dwe retire tout bagay ki gen san, menm manmanvant lan, pou yo ka pa pwopaje jèm maladi. Li paj 67 pou ou ka wè kouman pou ou detwi zouti ak debri.

Anvan ou ale, asire w paran yo jwenn repons pou tout kesyon yo genyen.